ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№90 (23.498) ● 2017 гъэм накъыгъэм (майм) и 19, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Налшык щыІэзэхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А., Къэрэшей-Шэрджэсым и Іэтащхьэ Темрезов Р. Б. сымэ

КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щыІэзэхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ Къэрэшей-Шэрджэсым и Іэтащхьэ Темрезов Рашидрэ.

ЩІЫНАЛЪИТІЫМ я унафэщІкэр тепсэлъыхьащ республикитІым я экономикэ, щэнхабзэ зэдэлэжьэныгъэм зегъэубгъуным, туризмэм, промышленностым, мэкъумэш Іэнатіэм яхуэгъэзауэ инвестицІэ проектхэр зэщІыгъуу зэхэлъхьэнымрэ ахэр гъэзэщІэнымрэ. КІуэкІуэ Юрийрэ Темрезов Рашидрэ къыхагъэщхьэхукІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэмрэ я зэкъуэш гъуу къыщэрекІуэкІыр, абыхъм я тІыдж лъандэрэ зэныбжьэгъуэ къыщыгъуазэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

КІуэкІуэ Ю. А. къыщыригъэувам тету, КъБР-м и Правительствэм и дачэр иратащ сабий ныкъуэдыкъуэхэр, зи лъэм тэмэму зэримыхьэхэр щагъэхъуж «Лэгъупыкъу» республикэ центрым

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий къыщыригъэувам тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Долинск (Налшык, Сочэ и цІэр зезыхьэ уэрамдэкІ, 3) щІыІэ дачэмрэ абы иныгъ щІымрэ 2017 гъэм накъыгъэм и 17-м иратыжащ сабий ныкъуэдыкъуэхэм, зи лъэм тэмэму зэримыхьэхэм щеІэзэ «Лэгъупыкъу» республикэ центрым.

ДЯПЭКІЭ центрым зыщыкІэзыгъэхьуж цІыкІухэм тыншынІэ проги зыхэт псэупІэ, пщІантІэ зэІуэзэпэщ, минеральнэ псы зэрыт зыгъэпсыкІынІэ яІэнущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр игъэзэщІэну и пщэ далъхьащ Журавлёв Андрей

Прохладнэ муниципальнэ районым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ и советым иджыблагъэ иригъэкІуэкІа сессием район администрацэм и Іэтащхьэм и къудэзэу щагъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъынымрэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэу щыта Журавлёв Андрей.

А МАХУЭ дыдэм абы и пщэ иралъхьащ район администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр игъэзэщІэну. Муниципалитетым и унафэщІу щыта Заставский А. Д. и кІуалІэу щхьэщахащ нэгъуэщІ лэжьапІэ зэрыкІуэм къыхэкІыж.

Журавлёв Андрей Иван и къуэр 1973 гъэм накъыгъэм и 26-м Налшык къэзыщалъхуащ «Инженер-ІэщІагъэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ. «Телемеханика» заводым радиоІэмэпсымэхэм я монтажникыу лэжьэн щыщІидзащ. 1996 гъэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр тамножнэ къулыкъущІапІэм Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэр щрихьэкІащ. 2011 гъэм и дыгъэгъазэм щегъэжьауэ КъБР-м ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министрым и къуэдзэу, КъБР-м Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъынымкІэ и къэрал комитетым и управленэм и унафэщІу щытащ. 2016 гъэм и мэлылъхьэкъ маззэм щегъэжьауэ КъБР-м Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъынымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и кІуалІэу щытащ. Ахэр хуабжьу ирагъэгъуэтыжащ, ахэр хуабжьу мэбгагъуэ икІи щІэупщІэшхуэ зиІэ пхъэщхьэмыщхьэ къапокІэ.

Бахъсэн районым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.

Іуащхьэмахуэ и щыгури Кавказ къуршхэри жэщми махуэми къэзыгъэлъэгъуэну камерэхэр ягъэуващ

Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ Іуащхьэмахуэ и Ищхъэрэ джабэм щагъэуващ жэщми махуэми тегъэпсауэ Іуащхьэмахуэ и щыгумрэ Кавказ къуршхэмрэ къэзыгъэлъэгъуэну веб-камерэу тІу.

АХЭР щылэжьэнущ «Гара-Баши», «11-м я хэщІапІэ» станцхэм я зэхуакум хуэзэу метр мини 3,9-рэ зи лъагагъ щыпІэм деж щыІэ альпинист хэщІапІэм. Апхуэдиз зи лъагагъ щІыпІэм щылажьэ веб-камерэ Европэм зэкІэ щылэкъым.

«Шынагъуэншагъэ здэщыІэ республикэ» программэм тету Іуащхьэмахуэ лъапэ хиубыдэ Чегет бгым щыІэ къэжьихьыпІэхэми апхуэдэ камерэхэр щагъэувыну я мурадщ, уэсукъуэхэр къыщежьэм деж иригъэлІэу а джабэхэм щыІа щІыхуэм я бжыгъэр тэмэму ящІэн папщІэ.

Бахъсэн щІыналъэм и жыг хадэхэм заубгъу

Дызэрыт илъэсым пасэу къызыпыкІэ, псыр щІагъаткІуэурэ иджырей мыІэрысей жыг лъэпкъэр щагъэкІхадэу аргуэру гектари 100-м щигъу щыхасащ Бахъсэн щІыналъэм. Абыхэм ящыщу гектар 70-р Кыщпэк, Исмъэмей, ПсыкІэху, Бахъсэненкэ къуажэхэм щыІэщ.

ЖЫГ хадэхэм жыгыщІэу гектар къэс 2500 - 3000 итщ. Район администрацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ, ерыскъыпхъэмкІэ, щІы Іэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІ Къаскъуэ Хьэмидий къызэрилъытэмкІэ, пасэу къызыпыкІэ жыг хадэхэр зехьэныж фейдэшхуэ пылъщ, сыту жыпІэмэ, ахэр хуабжьу мэбагъуэ икІи щІэупщІэшхуэ зиІэ пхъэщхьэмыщхьэ къапокІэ.

Бахъсэн районым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.



Европэм визэншэу кІуэну хуит ящІ

Европарламентым и зэхуэсым дыгъуасэ Іэ щытрадзащ Украинэм щыпсэуэхэр ЕС-м и къэралхэм визэншэу ихьэну хуит зыщІ тхылъхэм.

ЩІыІэ хабзэм ипкъ иткІэ, а унафэр Европэ Зэгухьэныгъэм и официальнэ къыдыкІыгъуэм къытрадзэрэ махуэ тІощІ дэкІмэщ абы къару щигъуэтыгъ. Ар зытехуэу къалъытэр мэкъуауэгъуэм и 11-рщ.

Къащта унафэм къыщыщІэлъэгъуамкІэ, Украинэм и щІыхуэр илъэс ныкъуэм къриубыдэу махуэ 90-кІэ щІыІэну визэншэу кІуэ хунущ Шенген зонэм хиубыдэ къэрал 26-м, абыхэм ЕС-м хэмыт Исландиери, Лихтенштейнри, Норвегиери, Швейцариери хьыхьу. Апхуэдэу украинхэр а къэралхэм кІуэну хуит щащІри щІыбубзыхуащ унафэм. Ахэр зыпІэныхьакІуэ, я Іыхьлыхэм деж лъагагъунІьагъу, е я узынщагъэм кІэлъагъэпІыну кІуэ хьуну аращ. Лэжьэн е еджэн щхьэусыгъуэ яІэмэ, абы папщІэ визэ къыІахьын хуейщ.

Іэпхъуэшапхъуэр куэдыщэ хьурэ абы гугъуехьхэр къыдэкІуэу хуежьэмэ, Украинэм хуащІа апхуэдэ дэчыхьр Іуахьыжыну зэрыхуитри къыщыгъэлъэгъуащ унафэм.

Мардэм хуэдэ тІощІкІэ щІегъу

Зи хьэуар нэхъ фІей дыдэ къалэхэм хабжэ Китайм и щыхьэр Пекин.

ЦІыхум и узынщагъэм зэран хуэхъу пкъыгъуэу абы хэлъыр хуэдэ тІощІкІэ нэхъыбэщ зэрыщытын хуей мардэм нэхърэ. Къалащхьэм и унафэщІхэм цІыхухэм зыхуагъазэ, Іэмал иІэмэ, щІыбым нэхъ мащІэрэ дэтыну. КъыщІэкІын хуей хъуми, маскэхэр зыІуальхьэну.

Дохутырхэм къызэралъытэмкІэ, хьэуам хэлъ пкъыгъуэ мыхьэмыщІэхэр цІыхум и Іэпкъльэпкъым куэдыуэ хьыхьэмэ, абыхэм узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр къэгъэхьеинущ, гумрэ лъэнтхуэхэмрэ къеуэлІэнкІэ хъунухэри яхэту.

Москва щекІуэкІащ «СССР-м щынэхъ дахэ пщащэ-89» зэпеуэр. Абы щытекІуат Москва щыщ, епщІанэ классым щеджэ Суханова Юлие.

♦1991 гъэм Налшык къыщызэІуахащ Къэбэрдей лъэпкъым и япэ Конгрессыр. Абы и япэ президенту хахащ Кълмыкъ Юрий Хьэмзэт и къуэр.

♦Тырку Республикэм и япэ президенту щыта **Ататюрк Кемаль** къызэралъхуэрэ илъэси 136-рэ ирокъу.

♦Вьетнамым и унафэщІу илъэс 18-кІэ щыта **Хо Ши Мин** къызэралъхуэрэ илъэси 127-рэ ирокъу. Дунейм зэрехьэжрэ илъэс 48-рэ хуфІэгъэуэшхуэу къащІалъытэ нобэми.

♦Италием щыщ актёр, кинорежиссёр цІэрыІуэ **Плачидэ Микеле** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦КъБКъУ-р къэзыуха, Хьэрып къэралхэм я лигэм и секретарь нэхъыщхьэм и къуэдзэ, Иорданием щэнхабзэмкІэ и министру щыта **Нэгуэр Нанси** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэрал къулыкъущІэ, УФ-м и Президентым и лІыкІуэу Центральнэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ **Беглов Александр** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦«Спартак-Налшык» топджэгу гупым и тренер нэхъыщхьэ, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Биджий Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

♦Уругвайм щыщ актрисэ, уэрэджьыакІуэ щІэрыІуэ **Орейрэ Наталье** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыну щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 10 - 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● Ди хэкуэгъу щэджащэхэм я щІыхькІэ

КъБР-м и цІыхубэ усакІуэхэу КІыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я цІэхэр зытетха фэеплъ пхъэбгъу

КъБР-м и цІыхубэ усакІуэхэу, Дон Іус Ростов хуит къэзыщІыжахэм яхэтахэу КІыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я цІэхэр зытетха фэеплъ пхъэбгъур пщэдей щагъэувынущ Илпщэ Федеральнэ университетым щІэныгъэ нэхъыщхьэмкІэ и Кавказ Ищхъэрэ щІэныгъэ центрым.

Абы теухуа дауэдапщэм хэтынущ Къэбэрдей-Балкъэрым и Правительствэм и лІыкІуэкІэр.

Мы Іуэхур диІыгащ «Урысей дэз-тхыдэ зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ-къэрал организацэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

● КъБР-м и Парламентым

ЕджакІуэхэм яІуощІэ

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр хабзэ дахэ хъуауэ яІуощІэ республикэм и щІалэгъуалэм. Вэсэмахуэ екІуэкІа апхуэдэ зэхьыхьэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ, абы и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, КъБР-м и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэрал ухуэныгъэмрэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ и комитетым и унафэщІ Мэлбахъуэ Борис, Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и комитетым и унафэщІ Азычэ Светланэ, Депутатхэр яІущІащ Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжым щеджэхэм.

ЕГОРОВЭ Татьянэ жиІащ щІалэгъуалэм щІэх-щІэхыурэ яІущІэныр, абыхэм я гурыгъу-гурыщІэхэм Іэмал зэриІэкІэ зыщагъэгъуэзэныр я къалэнхэм зэрыхабжэр.

- Къэбгъэльагъуэмэ, иужьрей илъэсым еджакІуэ щэ бжыгъэ хуэдиз къедгъэблэгъауэ къыщІэкІынущ КъБР-м и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм. Дэ дыхущІокъуэ щІалэгъуалэм я Іуэху еплъыкІэр, гугъуехьхэр зыхуэдэр зэдгъэщІэныным, зэрыхъукІэ абыхэм сабэп даззэрыхуэхъуным, - жиІащ **Егоровэ Татьянэ**. - Нобэ ди зэІуэщІэм хэт щІалэгъуалэр, шэч хэмылъу, къыхаха Іэщ1агъэм куэд мыщІэу ирилажьэу щІэзыдзэнуэрщ. ЗэрытщІэщи, юрист Іэщ1агъэ зэбгъэгъуэтыныр тыншкъым, ауэ мыхьэнэшхуэ зиІэхэм ящыщ. Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым: щэфІэкІ зиІэ Іэщ1агъэлэжьэрщ цыхуитІ щІэупщІэ зиІэр. Псалъэм папщІэ, ди къэралым и Президент Путин Владимири Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрии а Іэщ1агъэр яІэщ. ЩІалэгъуалэр зыхущІэкъун яІэщ, щапхъэ зытрахын ди гъунэжщ. Абы къыхэкІыу, нобэ сэ щІалэгъуалэм къалэн нэхъыщхьэу яхуэзгъуэвыр егугъуу еджэнырщ, щІэныгъэфІ яІэн хуэдэу, - жиІащ Егоровэм.

Азычэ Светланэ щІалэгъуалэр кІэщІу хигъэгъуэзащ КъБР-м и Парламентыр зэрызэфІэувам.

Депутат зэрыхъуну Іэмалхэмрэ абыхэм я пщэрыльхэр зыхуэдэмрэ еджакІуэхэр щыщІэупщІэм, Егоровэ Татьянэ жиІащ: «Хабзэхэр зыубзыху Іэнатіэ уІуТынынр тынш дыдэу пхужьІэнукъым. Ауэ щІыналъэм зэрызиужьныным уи къарур щепхъэлІэм деж абы и мыхьэнэр къыбгурогуІэ. Зы хабзэ къэпщтэным и щІыбагъ лэжьыгъэшхуэ зэрыдэлъыр гурыІуэгъуэщ, дауи. Ауэ а псор зыхуэгъэзар щІыхубэм я псэукІэр нэхъ тынш щытщІынырщ. Аращи, сэ икъукІэ мыхьэнэшхуэ изот щІыхуэм я гуныкъуэгъуэ, гугъуехь жедгъэІэну даззэрыІущІэм, абыхэм зыкъызэрытхуагъазэм. Апхуэдэ зэІуэщІэхэр ди лэжьыгъэм нэхъыщхьэу хэлъхэм ящыщу къызолъытэ».

ЩІалэгъуалэр щІэупщІащ унагъуэ хуэмыщІахэм, ныкъуэдыкъуэхэм защІэгъакъуэным теухуауэ КъБР-м и Парламентым къиштэ унафэхэр зыхуэдэм, хабзэ щхьэхуэхэм ягъэзащІэ мыхьэнэм, нэгъуэщІхэми.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● ГуфІэгъуэ зэхьыхьэхэр

Узынщагъэмрэ къарумрэ я махуэ

Шэджэм районым щрагъэкІуэкІащ «ГТО» урысейпсо физкультурэ-спорт комплексым и япэ фестиваль. Балиц мыхьэхэм я зэфІэкІыр щагъэлъэгъуащ Шэджэм къалэм дэт спорт унэмрэ къалэ стадионымрэ.

КОМПЛЕКСЫР ятыну щІыхуи 100-м щІигъу къызэхуэсат. Абыхэм яхэтт къуажэ администрацэхэм я лэжьакІуэхэр, курыт еджапІэхэм, щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэтІуэхущІапІэхэм, медицинэм и Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

Фестивалым крихьэлІаХэр трагъэгушхэну къекІуэлІат Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Теклюв Артур, Шэджэм муниципальнэ районым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ и советым и тхьэмадэ Уэдыжь Хьэсанш сымэ.

Фестивалыр икъукІэ гъэщІэгъуэну, нэжгужэу екІуэкІащ. Абы хэтахэм къахэкІахьым комплексым и мардэхэр зымыгъэзэщІэфа. Уеблэмэ, ГТО-м и дыщэ дамыгъэр къахьащ зи ныбжьыр илъэс 70-м щІигъуа щІыхуитІым.

КІАРЭ Элинэ,
Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъэкІэ щІыхуэр здэпсалъэ хъун телефонхэр:

8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

Сабий зеиншэхэм унэ ират

● Тэрч щІыналъэ

Накъыгъэм и 15-м Тэрч щІыналъэм щыщ сабий зеиншэ зыбжанэм унэщІэхэр иратащ.

КъБР-м сабий зеиншэхэмрэ зи адэанэ я нэІэ щІэмытыж сабийхэмрэ защІэгъэкъуэным теухуауэ республикэм и Правительствэм къищта унафэм ипкъ иткІэ, ныбжьыщІэ 22-м папщІэ къатищу зэтет, щІыхьэпІитІ зиІэ унэ Тэрч къалэ щаухуащ. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ министр Емуз Нинэ Іунк1ыбзэІуэхэр яритыжащ а унэр зейхэм. Ар ныбжьыщІэхэм екъуэхъуащ, узынщагъэ быдэ яІэну, унэщІэм насыпрэ гуфІэгъуэрэ къахудэкІуэну.

Мы Іуэхум хэтахэм екъуэхъуащ Тэрч муниципальнэ районым и Іэтащхьэ Дадэ МуІэведи. Унэ зратахэм къабгъэдэкІыу Хъущт Дианэ унафэщІхэм фІыщІэ къахуищІащ. Зэхьыхьэр ягъэдэхащ мы щІыналъэм щыщ къэфакІуэхэмрэ уэрэджьыакІуэхэмрэ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ХъуэхъукІэ узэхыхьэу хъуэнкІэ узэхэмыкІыж.

Хьэрычэтыщ1, политик, унафэщ1 Щэумэн Хьэзрэт теухуауэ Интернетым куэд к1ыщыб-гъуэтынущ, абы и гупсысэк1эр, и дуней тетык1эр, и л1ажьк1эр щапхьэу Урысей псом к1ыщал1ытэри.

Абы1хэм ящыщ гъэрхэм фы-щыдгъэгъуэззэну дыхуейт, щхьэ-усыгуэу ф1ырзыни щыщы1эк1э - нак1ыгъэм и 1-м Щэумэныр илъэс 80 ирик1уащ.

Дриплъэжынти адыгэлым к1ыкI1уа гъуэгуанэм.

ЩЭУМЭН Хьэзрэт Мэжид и к1ыуэр 1937 гъэм нак1ыгъэм и 1-м Адыгейм и Афыпс щапсыгъ к1ыуажэм к1ыщал1ыщ1. Абы хы ф1ыщ1э флотым к1упык1у щи-щ1ащ. Хьэзрэт к1ыихащ Ленинград дэт бгы институтыр, техник щ1эныгъэхэм я докторщ.

1956 - 1958 гъэхэм абы Краснодар Iэзку щ1эзрихьащ Октябрь районым щэнхабзэмк1э и к1удамэм.

1961 гъэм щегъэжьауэ шофёру, бульдозерым дэсу щ1ылэжьащ Чукоткэрэ Магадан областымрэ, Красноярск крайм (Большевик хытIыгум) я дыщэ к1ыщ1эхы1Iэхэм. 1962 - 1963 гъэхэм Хабаровск крайм и Аяно-Майр районым щэнхабзэмк1э и к1удамэм и унафэщ1ащ. 1963 гъэм Хьэзрэт хах «Восход» дыщэщ1эх артелым и унафэщ1ым и к1ыуэдэ. И1ьэсиц докIри, СССР-м нэхъ ин дыдэу и1а «Союз» дыщэщ1эх артелым (Магадан область) и унафэщ1ым и к1ыуэдэ, 1969 гъэм абы и унафэщ1 мэхъу. 1980 гъэм ар хахащ «Полюс» дыщэщ1эх артелым (Красноярск край) и унафэщ1у, артелыр «Полюс» ЗАО зэрыхъурэ а компаниеим и президентщ. Щэумэныр Адыгэ Республикэм и Президенту щытащ 2002 - 2007 гъэхэм.

● Ди лъэпкъэгъу тетыыджэхэр

Адыгагъэм щ1ап1ык1ам и щапхъэ

Абы к1ыхъагъэфащащ «Хэкум и пащхьэ щ1и1э ф1ыщ1эм папщ1э» орденым и ет1уанэ, ещанэ нагъыщ1эхэр, «Щ1ыхьым и Дамыгъэ» орденыр, «Адыгейм и Щ1ыхь» медалыр, Абхъазым «Щ1ыхьрэ Пщ1эрэ» и орденым и я1п нагъыщ1эр.

Щэумэным и ц1эр зэрахьэ абы ныкъуэдык1уэхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм, интернатхэм, хабзэм еб1эк1уа ныбжьыщ1эхэр щ1ык1ыгъэ ныкъуэдык1уэхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм, интернатхэм, хабзэм еб1эк1уа ныбжьыщ1эхэр щ1ык1ыгъэ тутнакъэщхэм, чристэн гимназием, унагъуэ дэхуэхахэм, нэгъуэщ1 куэдми.

Щэумэным фы дыдэу к1ыгуфо1уэ щ1эблэм щ1эныгъэ етын, ц1ыхуг1э яхэлъхьэн, гъэсэн зэрыхуейр. Аращ Адыгеймрэ Краснодар крайм я еджап1э нэхъыщхьэ псоми щ1адэ1эпык1уэр, щ1ал3гъуал3р Iейм пэ1эщ1э зыщ1ыхабзэ, спорт Iуэхуэхр езыгъэк1уэк1эм щ1ак1уэувэр.

Накъыгъэм и 1-мрэ Щэумэн Хьэзрэт илъэс 80 зэрыхуамрэ щ1ызэдап1эк1ыгъэ Адыгэ Республикэм. Я л1ъэпк1эгъу щ1эрыIуэм иращ1эк1а зэхьыхьэр Афыпс к1уажэм щек1уэк1ащ. Хьэщ1эхэм яхэтащ Урысейм и МИД-м и л1ык1уэу Дон Iус Ростов щы1э Гокжаев Борис.

- Хьэзрэт Мэжид и к1уэр МИД-м дипломатиемк1э и академием и попечительскэ советым хэтщ. Ар академием зэрыдэ1эп1ык1уэр, ф1ы дыдэу е1дж1эм стипендие зэрахуигъэувар, библиотекэмрэ информационнэ центрхэмрэ зыхуей псомк1и к1ыхьэрыз1эрригъэпэщ1ыр к1ал1ытэри, Щэумэным к1ыф1ащащ академием пщ1э зи1э и профессор щ1эр. Попечительскэ советым и з1ыщ1эм МИД-м и унафэщ1ым абы к1ыщ1ыгъжынщ1 мантиемрэ а щ1э л1ьап1эм дэщ1ыгъын хуейхэмрэ, - жи1ащ Гокжаев Борис.

Щэумэным щхьэк1э Интернетым итхэм ущрохьэл1э к1ыхьэхэк1а унагъуэм теухуауэ абы жи1эм.

- Щэумэнхэ л1эпк1эжьыщ, хы Ф1ыщ1э Iуфэм щыпсэууэ к1оГъуэгурык1уэ. Ди адэ-анэм быний дра1ащ. Сэ зыгуэр схуэзэф1эжыу сыхъуамэ, си адэ-анэращ ар зи ф1ыщ1эр. Я1праугъ, абыхэм гъащ1э к1ыузатащ, езыхэм я гъуазэ адыгэ хабзэращ сызыщ1ап1ык1ар. Дэри ди к1уажэгъуэхэми сытк1и ахэр ди щапхъэт. Дэ зэи зэхэтхак1ым ахэр ину зэпсалъэ.

Ди адэм и к1уэшыр дэщ1ыгъуу жащу ежьэрти, гъавэ, фэтыджэн яхуигуэшырт зи щхьэгъуэхэр зэгуэм хэк1уэда фызабэхэмрэ зыхуэзэф1емык1 л1ыжь-фызыжьхэмрэ. «Псапэ зэрыпщ1эр бгъэлъагъуэ хъунукъым», - жи1эрт абы. Зы мэл иук1амэ, зэ гъэзэгъуэт унагъуэм хъунукъым», - жи1эрт абы. Зы мэл иук1амэ, зэ гъэзэгъуэт унагъуэм хъринэр, адрейр игуэшырт. Сэри апхуэдэу сыщытыж хуейуэ ф1эк1а сымыщ1эу сыкъэхъуащ. Хуэажэм сыкъыщык1уэжк1э, си адэр къыз3ущ1ырт: «Уи жьлажьэм сытк1э ущхьэпа? Абы, адыгеим, Краснодар крайм сыт яхуэпщ1а?» - жи1эу.

Мыхэри Хьэзрэтщ зи псалъэр:

- «Дэ къулей куэд ди1эщ, я мылъкур зыхалъхэр мыгурыIуэгъуэу, нэгъуэщ1 къэралхэм щагъэпщк1Iуу. Сэ си хьэрычэтыщ1хэм щапхъэ езгъэлъагъуну сыхуейщ. Согугъэ си жэрдэмыр къыздэзыIыгъын абыхэм къахэк1ыну». Аращ жи1ар Хьэзрэт Краснодар дищ1ыхьа Сабий унэ-лицейр къыщ1эз1уах махуэм.

Сэ ятхыуи я1уатэуи зэхэсхакъым Щэумэн Хьэзрэт и псапэ щ1эк1эм хуэдэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, а псори зэуэ къытхуэзщ1эубыдащ. Нэхъыщхьэр къэралыр зыгъэбыдэ, зыхуэзэф1эмык1эм гугъэ яхэзыл1ъхьэж ц1ыху Iущ к1ыхьэрыгъэ1уэ, къэралым и ц1ыхуэ-хэт?» гупсысэк1эм и гъащ1эр теухуауэ.

Мелард бжьыгэ ядыгъуу къэралым ик1ахэм я хъыбар зэхэзыщ1ал3гъуал3м Хэкум, къалэным, ц1ыхугъэм теухуауэ уепсэлъэну гугъу мэхъу. Щэумэным и закъуэ щ1ихъумэжэм хуэдэщ щхьэхуещ1эхэм, къэрал «жьпым» и1эбэхэм гъэсэныгъэм теухуауэ зэранылгъэу к1ыхьыр.

Ерчэн Темболэт Хъусен и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэщ1ыныгъэшхэу игъэтащ - и ныбжьыр илъэс 59-м иту зэуэзэпсэу л1ащ къэрал, хозяйствэ л1эжьак1уэ ц1эрыIуэ Ерчэн Темболэт Хъусен и къуэр.

Ерчэн Темболэт 1958 гъэм мазаем и 24-м КъБР-м щыщ Аруан районым хыхьэ Нартхъал1э къыщал1ъхуащ.

1978 гъэм Аруан районым щыщ Чернэ Речкэ къуажэм щы1э «Ленинский путь» колхозым бригадирым и дэл1эпык1ыгъэ1уэу л1ажьэн щыщ1идзащ. Совет Армэм къулыкъыр щрихьэк1ри, 1983 гъэм колхозым и г1эззжащ ик1и жыг хадэ зыгъэк1 бригадэм и унафэщ1у л1ажьащ.

1992 - 1998 гъэхэм Ерчэн Темболэт Чернэ Речкэ къуажэм дэт «ЗЭТ» ерыскъы комбинатым и генеральнэ директору щытащ. 1988 - 2002 гъэхэм КъБР-м и Аруан районым и щ1ыналъэ администрацэм и Iэтащхьэу, 2002 - 2004 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ерыскъы промышленностымрэ сырьем елэжь промышленностымк1э и министру л1ажьащ. 2004 гъэм абы республикэм щыяпэ «ЗЭТ» агропромышленнэ концерн къызэригъэпэщащ и к1и Iэ1ыгъэ Ю. А., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. Т1., Канунников В. А., Алэкъеи А. М., Альтуд Ю. Къ., Амщокъуэ Ф. Къ., Апажа А. Къ., Ахъуэхъу Т. В., Афэщ1ащ1ыгъэ М. Хь., Бык1ыш Р. Хь., Берд Хь. А., Быф А. Ж., Бозий Н. М., Бэлэтокъуэ В. Хь., Геккиев З. Д., Джэш В. М., Гуэбэшы З. А., Говоров С. А., Губин Г. С., Емуз Н. Гъу., Жанатаев С. А., Жыдж1эт А. А., Залиханов М. Ч., Зымакулов Б. М., Геляхов А. С., Къалэ З. А., Къэрмокъуэ Хь. М., Къуэдзокъуэ М. М., Кэущ1ей А. Д., Мэрбий И. Е., Ульбашев М. М., Маслов Н. А., Нэхущ З. А., Пэнагуэ М. А., Рахаев Б. М., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Сэхъу В. Къ., Тату Къ. Б., Тау П. Къ., Тюбеев А. И., Хьэщ1ъуэжь А. Б.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьак1уэхэмрэ гущ1ыхьэ ящ1ыхьауэ **Ерчэн Темболэт Хъусен и къуэр** зэрыл1ар ик1и абы и Iыхьлы1хэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Джэрмэншык1уажэм и Администрацэмрэ Ветеранхэм я советымрэ «Эрпак» акционер зэгух1эныгъэ зэхуэщ1ам и генеральнэ директор **Ерчэн Жамболэт Хъусен и къуэм** хуогузавэ абы и къуэш **Ерчэн Темболэт Хъусен и къуэр** зэрыл1ам къыхэк1ыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьак1уэхэмрэ КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмк1э, псэупI э-коммунальнэ хозяйствэмк1э, гъэсныгъэ-энергетикэ комплексымк1э и комитетым и унафэщ1 **Гриневич Валерий Владислав и къуэм** хуогузавэ абы и адэ **Гриневич Владислав Станислав и къуэр** зэрыл1ам къыхэк1ыу.

● КъБР-м и прокуратурэм

Жэуап тк1ийм ирашал1э

Урысейм и МВД-м и «Аруан» муниципальнэ зэхуэку къудамэм и лэжьак1уэхэм коррупцэм пэщ1эт1нынымк1э законодательствэр зэрагъэзащ1эр щ1ынал3э прокуратурэм къ1ипщ1ащ.

ЪЫЗЭРАХУТАМК1Э, я хэхъуэхэм я1теухуауэ къулык1ущ1итхум я1та тхыл1хэм езыхэм я щ1эк1э ирагъэтха транспорт л1эужьк1уэхэр къ1ащ1ащ1эл3эгъуатэкъым. Л1эжьак1уищ1ем - я1мыгъэ1эпхъуэ я мылъкур зыхуэдэр, т1ум - автомашинэ ящ1ахэм къахуищ1а фейдэр щ1ахъумат.

Къэнщ1эныгъэм къ1рик1уам ипкъ и1тк1э, районым и прокуратурэм зыхуэфащ1э тхыл1ы и1эхъ3эрщ1ащ. Абы хэпл1эри, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал к1ыуэ1 Iуэхуэхэм1к1э и министрым и унафэк1э, Урысейм и МВД-м и «Аруан» муниципальнэ зэхуэку къудамэм щ1ыщ к1ульк1ыущ1ы1э дисциплинэ жуэапым ирашэл1ащ: 6-м выговор т1ким ираташ, 4-р я Iэнат1эм Iуагъэк1ащ.

Ныкъусаныгъэхэр къыщ1агъэщ

Сабий зеиншэхэр щап1ыж, абыхэм щак1эл3ыпл1ъ Iэнат1эхэр балигъ мыхъуахэм я Iуэхук1э законодательствэм зэрытетыр Щэрэдж муниципальнэ щ1ынал3эм и прокуратурэм къ1ипщ1ащ. Мы зэманым а Iуэхущ1ап1эхэм я учётым ныбжьыщ1э (сабий) 35-рэ щытащ.

КЪЭПЩ1ТЭНЫГЪЭМ къ1эзэригъэл3эгъуамк1э, ныбжьыщ1э зеиншэхэр зыпп1ыжму, абыхэм як1эл3ыпл1ыну зи мурадхэр къ1эзэрыхах, учёт зэращ1, зэрагъэхьэзыр хабзэхэр къ1эзэпаудри, зи бл3к1амрэ зи хэтымрэ зэхамыл3эк1э ц1ыхухэм пасэу зеиншэ хъуа сабии 10 я1п1ыну ираташ. Къ1ищынэмыщ1ауэ, федеральнэ законодательствэм къ1ыгъэувхэр къ1эзэпаудри, сабий зеиншэхэр щап1ыж, абыхэм щак1эл3ыпл1ъ Iуэхущ1ап1эхэм ныбжьыщ1эхэм яхуэгъэзауэ я1э хуитыныгъэхэмрэ я1ал3нэхэмрэ пэублэу зыщ1ыхагъэ-гъуэзак1ым.

УФ-м и ГК-м и 36-нэ статьям ипкъ и1тк1э, зыпIыжхэри як1эл3ыпл1ъхэри сабийхэм ядэпсэун хуейщ. Щхьэхуэ защ1ыну щ1ыхуитыр ныбжьыщ1эр илъэс 16 ирик1уэр сабий зеиншэхэр п1ынымк1э, абыхэм як1эл3ыпл1ынымк1э Iэнат1эм хуит ищ1мэщ, ари и гъэсэныгъэм, и хуитыныгъэхэмрэ и сэбэп зыхэл1ъхэмрэ зэран хуэмыхуну къал3ытэмэ.

Апхуэдэ ныкъусаныгъэ - сабийм зыпIыжымрэ зэдэмыпсэууэ къ1ахутащ. Ар а Iуэхум пэмыл3ащ1ыну и адэмрэ сабийр зытраха и анэмрэ я дэж щы1эу к1ыщ1эк1ащ.

Къэнщ1эныгъэ нэужым, районым и прокуратурэм Щэрэдж муниципальнэ щ1ынал3эм и администрацэм и Iэтащхьэм и ц1эк1э зыхуэфащэ тхыл1ы игъэхьэзыращ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1ап1э.

«Российская газета»-м зы напэк1уэц1 триухуащ Щэумэн Хьэзрэт. Ди гуапэу фыщ1ыдогъэгъуазэ ди лъэпкъэгъу щ1эрIуэм теухуауэ жа1эм. Мы тхыгъэр зейр Красноярск щ1ыщ журналист Яковлев Михаилщ.

Щ1ыхур - дыщэкъым, абы и1экъым уасэ

Псэхугъуэм и лъахэ

ДЭТХЭНЭ ц1ыхухъумэ и къал3нщ зы жыг нэхъ мыхъумэ хисэну. Щэумэн Хьэзрэт иубзыхуа паркым щ1ыхасащ жыг 1250-рэ. Псей, хуей, мыщ1ау псей, мыл3рсей жыгхэм щ1ып1э бгынаеу щ1ыта гектар 12-р яуфэбгъуащ. Паркым и л1ъэс л1ъагъуэхэр, л1ъак1уэрыгъажэ тесхэм я к1ъжьхыыл1эхэр зыхуей хуагъэзащ, щ1ыхьэщхьэк1э уэздыгъэхэр щ1э бжьигэк1э к1ъобл3, баскетбол, волейбол, теннис джэгуп1эхэр, гуэл1ъэрыщ1 итщ. Махуэшхуэхэм хуащ1а утыкум ц1ыху минищым нэс и1охуэ. Зэрызэхьэм зыщ1ызыдзейхэм папщ1э зы щ1ып1э загъэбелджьылык1ащ, иджы яф1эфI дыдэу къаГъэсэбэп геопластикэ жыхуаI эмк1э яГъэдэхауэ. Игротекэ, стадион ц1ык1у жыхуаI эм хуэдэхэр зэмыл1эжьыгъуэу щ1ыкуэдщи, дэтхэнэ зыми, дэзыхьэх I уэхум елъытауэ, зытригъэуфынчщ. Сабийхэм я къалэ ц1ык1ураци, зыхуэбгъэдэн къ1ипхуэгъуэтк1ым.

- Сэ паркым и гъунэгъуу сопсэури, си нэгум щ1эк1ащ а щ1ыпIэнэщ1ым л1эжьыгъуэ ирахьэл1ар, уи ф1эщ мыхъуным хуэдизщ ар, - жи1э ухуак1э техникымым щезыгъаджэ Шахурэ Иринэ.

Ц1ыхубэм я жэрдэмым и ф1ыщ1эщ Краснорск «ц1ыхI э» здынэмыс къалэ гъунэ бгына имы1эу зэрызиужьыр. Абы тхыдэ и1эщ. XIX л1эщ1ыгъуэм къ1ыщ1ыщ1дзауэ мыбы хабзэ щ1ыхьауащ къалэ унафэщ1хэмрэ хьэрычэтыщ1эхэмрэ зэкъуэту Красноярск зрагъэужьыныр. Къапщтэмэ, иужьрей илъэсищым хьэрычэтыщ1эхэм я ф1ыгъэк1э Краснорск и1э хъуащ парк, сквер, ц1ыхуэхэм зыщагъэпсэхун щ1ыпIэ гъэдэхауэ 200-м щ1игъу. Аущ муниципальнэ-ц1ыху щхьэхуэ зэдэлажьэк1эм и щапхъэу Щэумэным и гъэхъуэм хуэдэ зэи щ1ык1ащ.

Хъуэпсап1эр нахуап1э зыщ1

2001 гъэм Красноярск крайм Шынагъэншагъэмк1э и советыр имыч3эуэ зэхуащэсат, сабий зеиншэхэм я1теухуауэ ик1эщ1ып1эк1э унафэ я щ1ын хуейти. Щэумэнращ абы нэхъ к1эщ1 дыдэу къыщ1епсэльар: «Сэ Урысейм нэхъыф1 дыдэу къыщ1ал3ытэн уи сабийхэм яхуэзэхуэнщ!» Илъэсит1 дэк1ри, Краснорск къ1ал3кум къ1ауващ къ1атащу з3тет уиэ дахащ. Урысейр дэнэ къэна, дуней псом щ1ыбгъэтынукъым апхуэдэ интернат.

Совет хэм я зэманым Щэумэныр хъарзынэу пэл3эщу щытауэ жы1эп хъунущ иджы «антикризисный управляющий» жыхуаI э къ1ал3нми. Анадырь пэгъунэгъуу, Певек, Ищхъэрэ Енисей, уеблэмэ арктикэ хытIыгу Большевикым щы1э дыщэ къыщ1эхып1э хэк1уэджакъэр къ1и3тыжри, щапхъэу яГъэл3агъуэу ищ1ат абы. Ауэ сабийхэм я Iэхур нэгъуэщ1т, ахэр гугъу ех къ1удеит3кым, ат1э я псэм хьэзаб телыт. Жы1ен1эну къ1ипхуегъэзэгъыркъым, ауэ социальнэ зеиншэ жыхуаI эм хуэди ахэт. Нэгъуэщ1у жып1энымэ, я адэ-анэр псэут, ауэ хэти тутнакът, хэти уни л1ап1эи хэмеиж фадафэт е афиянафэт. Сыт хуэдэ зэф1эк1 уи1эн хуейт ц1ыхугъэм щ1амып1ык1ар ц1ыху пщ1ын щхьэк1э, нэхъ Iейуэ щы1эм есэжам нэгъуэщ1 дуней зэрыщ1эр къыгурыбгъэ1уэн щхьэк1э?

- Ц1ыхуф1ращ ар зыхуэзэф1эк1ынур, - жеI э Красноярск къ1ал3м и унафэщ1 Акбулатов Эдхэм. - Апхуэдэ защ1эуи къыхихащ интернатым и унафэщ1ри, гъэсак1уэхэри, егъэджак1уэхэри, дохутырхэри, пщафI эхэри. Хьэзрэт жи1эрейщ: «Ц1ыхур - дыщэкъым, абы и1экъым уасэ». Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэк1эм бы1эу тету илъэс 14 л1ъандэрэ зыхуей хуегъаз3 Сабиигъуэм и унэр...

Интернатым и унэ нэхъыщхьэм сабии 112-рэ щ1охуэ. Пэш къэс ц1ыхуит1 щап1эууэ аращ, я зытхъэщ1ып1э-зыгъэпск1ып1эр я1эжу. Пэшипл1 къэс зы хъэщ1ащ къал3ос, ц1ыхуэхэр зыхуеину компьютер, телевизор, видеотехникэ, н. къ. щ1эту. Библиотекэ бей, гъэщ1агъэныщ3 хэтщ, гъэм и хуабэгъуэм жы1 къабзэм хэсу тхыл1ъ щеджэн я1эщ, экзаменхэм зыхуагъэхъэзыр мы1эрысей хадэм хэсу. Къыз3рымык1уэу I эфIу щ1ып-щ1ащ1э шхап1эм сабийхэр махуэм тхуэ щащ1ашхэ. Интернатым и1эщ дохутырхэм я I уэхущ1ап1э, сабийхэр щесыф псыгъэнит1, дэтхэнэмэ хьэмэм хэтыжу, футбол, хоккей джэгуп1эхэр, воркаутым дихьэхэм папщ1э швед блынхэр, нэхъыщ1эп1уэхэм я спортк1ал3э ц1ык1у. Гараж, жьыщ1ап1эхэр, уэздыгъэр зы щхьэусыгъуэ гуэрк1э я гъэунк1ыф1ы3, езыхэм я гъэлажьэ дизель-генератор, щ1ан3гъэм нэхъ кууэ щ1ыхагъэгъуаз3 еджап1э пэш щхьэхуэхэр...

Махуэшхуэхэм сабийхэм щ1ат1агъэ щ1ынгъынхэр дахэ дыдэщ, ауэ дэтхэнэми и шкафым фиильхъэгъуэ зыбжанэ дэл3щ, ц1ык1уэхэм езыхэм нэхъ зрагъэк1уу, зы-хуеину къал3ытэр къ1ыхахыжауэ. Дэтхэнэ сабийм дежк1и гуф1эгъуэшхуэщ и гъэсак1уэм и гъусэу тыкуэным щхъэк1уэ щ1ык1уэр. Ахэр ц1ык1у щ1ык1э ирагъасэ я ахъшэр зрагъэзаахуэу. Адрей псом хэмыхьэу, Щэумэным стипендие яхуигъэуващ нэхъыф1у еджэхэм: абыхэм, я ныбжьым елъытауэ, мазэ къэс сомИ 100, 200, 300 ират. Ф1ыдыдэуедж3хэрэзыпп1ых3ак1уэ я1гъак1уэ нэгъуэщ1 щ1ып1эхэм, къэралхэм. Псал3эм папщ1э, Париж е Кремлым щагъэув Илъэсыщ1э псейм. Гъэмахуэм сабийхэм зыщагъэпсэху крайм уэзыщагъэр щрагъэф1ак1уэу и1э лагерхэм, Сочэ щы1э «Юность» санаторэм.

- Апхуэдэ псэук1эм есар, балигъ хьумэ, дауэ гъащ1эм къыщ1ап1эпл1ъ гугъуехьхэм зэрыпэлъэщыжьынур? - соупщ1 гъэсак1уэхэм ящыщ зым.

- I эшт1ымымрэ тхъэмыщк1агъэмрэ щ1ап1ык1ар (апхуэдэ щы1эщ) нэхъ тынш бал1игъ г1ащ1эм хэзэгъэну къыщщ1ыхъурэ? Ф1ы зыхуумыщ1ам, гуапагъэ зыхэзымыщ1ам - ф1ык1э ущымыгугъыж.

Сабийхэр щы1ык1э л3жьэфу ирагъасэ. Щ1ал3эц1ык1уэр теплицэ зезыхьэхэм ядоI эпык1у, машинэр ядж, къехуэк1ык1э зрагъащ1э. Хьыджэбз щ1ык1уэр I эпщ1эл3эпщ1эным хуагъасэ, дэнымк1э нэхъ ехъуI эныгъэ зи1эхэм аттестатым и г1ыгъуэ дак1уэм и диплом ират. Бжьыхьэм зэгъуэзу мы1эрысэр зэщ1ак1уэж, «Арбузник» зы-ф1аща махуэ хэха яГъэльап1эр я1эщи, Щэумэным абы ирихьэл1эу яхурегъашэ хъарбыз тонн 20-м нэс. Сабийхэм я къал3нщ ар машинэм кърахыну, нэгъуэщ1 сабий гъэсап1эхэм щ1ып1эхэм I уагъэхэну.

Интернатым сабий телевиденэ и1эжщи (Красноярск мы зыращ апхуэдэу щы1эр), иджыпстау щытрах полномотрэж видеофильм. Мыбыхэм яхэтщ къэсфак1уэхэр, уэрэд жызы1эхэр, театр студием дихьэхьэпауэ к1уэхэр. Къал3м, крайм щек1уэк1 з3хьэхьэхэм мы сабийхэм зыкъыщагъэл3агъуэ, къел3тыж къедаIуи ящ1ьдахьэ. Я тонджэгуэхэм, бэнак1уэхэм, лаптистхэм къал3 дащ1ым къраша саугъэт нэхъыщхьэхэр!

Интернатым щ1эк1эхэм фэеплъ сыхьэт, хьэкъущ1ыкъу ират. Еджап1э щ1эт1ысхьэну хуейхэм сом мини 100 зэрыльэ счёт къыхуэз1уах. Ауэ ахэр къыщ1ыхъуа унэм и бжэр сыт щыгъуи яхуэз1ухащ. Зы щ1ыпIи щымыI эм гу л1ыввэзгъэтэнут: интернатым и1эщ социальнэ хьэщ1эщ: унэр е общежитым къыщрата пэшыр зезыхьэну мурад зыщ1ыхьэм, интернатым къигъэзэжу а хьэщ1эщым щыпсэу хъунущ и Iэхур зэф1ихьэк1ыху.

«Сэ сыхьэщ1эк1ым»

Къэхъуащ Щэумэным къарита ахъшэм Красноярск и казнар нэщ1 мыхъуу къыщ1ызэтригъэна, нэгъуэщ1у жы1энымэ, къэрал I уэхущ1ап1эхэм я л3жьак1уэхэм иратыну улахуэр «къал3 бохьшэм» къыщ1ыдилъхьа. Сыбырым илъэс куэд1э щ1ыпхьащ1эу, Москва Iэпхъуэжа нэужьи, я1эми хуэдэу, абы я нэ1э тригъэтщ Красноярск крайми езыр щал3хуэ Кавказ Ищхъэрэми. Ф1ыщ1э л3эпкъ к1ымыл1ъхьэуэу я1дэI эпык1у. Псал3эм папщ1э, Москва и Покровскэ хьэблащ1эм езым иригъэщ1а проектк1э сабий гъэсап1э щагирагъэухуащ. Ар сыхьэт 12-к1э мэлажьэ, сабийуэ 135-рэ щ1охуэ. Зи гугъу тщ1а интернатым хуэдабзэу, мыбыхь псыгъэни спортымк1э п1эщ1ы хэтщ. «Тотем» футбол клубым хэт щ1ал3 ц1ык1уэхэм зыщагъэсэн джэгуп1э яхуиухащ, щы1эм я нэхъыф1у. Интернатхэм я топджэгуэхэм я дунейпсо зэпеуэм «Тотем» клубыр чемпион щ1ыхъащ.

Абы и мылъкущ нэхъыбэ дыдэу хэлъыр «Красмаш» заводым зауэ зэманым щы-л3жьэхэм хуауэха фэеплъ гъуэзэджэм. Мы заводым къыщыщ1агъэк1ыу щытащ фашист къхъуьлъатэхэр къызэрырадыз зеНиткэхэр. «Лики Победы» зыф1ащ1а я1гъэ-I эпхъуэ галереер-ща?! Совет Союзым и Л1ыхъужь 45-м я сурэтхэр УФ-м щ1ыхь зи1э и сурэтыщ1 Войнов Константин ищ1ауэ школхэм, еджап1э нэхъыщхьэхэм, Щэнхабзэмк1э унэхэм щагъэл3агъуэ зэрыхъуар зи ф1ыщ1эр Щэумэн Хьэзрэтщ. Красный Яр и дамыгъэ нэхъыщхьэр - часовняр - аращ зэф1эзыгъэувэжар. Москва зэрыгушхуэ Храм Рождества Христова и л3ьабжьэм къыщыщ1эдзауэ дыщэ зытеГъэлъэдж и унащ1эм щ1ыщ1эк1ыжу езыгъэщ1ащ Щэумэнращ. Ар къыщ1эз1уахэм Патриарх Кирилл Хьэзрэт къритащ «Пщ1эрэ Щ1ыхьэрэ» орденым и ет1уанэ нагъыщ1эр. Красноярск илъэс 400 зэрырикъум и щ1ыхьк1э парк ящ1ри, мелуан бжьыгэк1э Щэумэным ахъшэ хилъхьат, «сэ сыхьэщ1эк1ым» жи1эри. Мы паркым жыг щ1ыхэзысахэм я бынхэм я зыгъэпсэхуп1э ячунущ мы щ1ыпIэр.

Хъуэхъуэхэр

ПЩ1Э ЗЫХУЭСЦ1 Хьэзрэт Мэжид и къуэ! Сынохъуэхъу уи илъэс бжьыгэ дахэмк1э!

Уэ пщ1эшхуэ къыщ1ыпхуащ1 Красноярск крайм. Ц1ыху Iущ, зэф1эк1 зи1э унафэщ1, дуней псом и дыщэ къыщ1эхып1эм я нэхъ иныр зэф1эзыгъэува, псапащ1э - аращ ди ц1ыхуэхэм жа1эр уэр щхьэк1э. Сэри сыаразыщ1 абыкъ, ди щ1ынал3эм зиужьным теухуауэ пхуэзэф1эк1ам щхьэк1э пщ1эшхуэ пхузощ1. Уэзышащ1эгъ уи1эу, унасыпыф1эу и1эс куэдк1э упсэуну сынохъуэхъу!

ТОЛОКОНСКИЙ Виктор,
Красноярск крайм и губернатор.

ЩЭУМЭН ХЬЭЗРЭТ - Урысейм рэ ди щ1ынал3эмрэ я ц1ыху гъуэзэджэщ. Абы ди щ1ып1эм щ1ызэф1игъэуващ дыщэкъыщ1эх промышленностыр, езыр унафэщ1 гъуэзэджэм и щапхъэщ. Си гуапэу сохъуэхъу уэзышащ1э, гукъыдж, насып и1эну!

УСС Александр,
Красноярск крайм и Парламентым и Унафэщ1.

ДИ ЛЪАХЭГЪУ, Красноярск къ1ал3м Щ1ыхь зи1э и ц1ыху Щэумэн Хьэзрэт Мэжид и къуэм зыщ1игъэгъуп1эркъым Красноярск крайри абы и къ1ал3щхьэри, ар псапащ1эм и щапхъэщ. Щэумэнкъ къ1ал3ем зрагъэужьащ. Ар зэрыщ1ыхуф1ыр, гущ1эгъу зэрыхъ1ыр псом я1эу къ3зыгъэл3агъуэр абы зеиншэхэм щ1ьжьк1э ихуха Унэ-лицейращ. Абы сабий куэдым I эмал яритащ я I эпкъ-п1ъкъ1и я псэк1и уэзышэу гъащ1эм хьхьэну. Къ1ал3дэс псоми къабгъэдэк1ыу Хьэзрэт Мэжид и къуэм ф1ыщ1э хуэозщ1 абы и хэкуэгъуэхэм яхуищ1ам папщ1э. Сохъуэхъу уэзышащ1э и1эну, иджыри I уэхуф1 куэдым хэпл1эну!

АКБУЛАТОВ Эдхэм,
Красноярск къ1ал3м и Iэтащхьэ.

ПЩ1Э ЗЫХУЭСЦ1 Хьэзрэт Мэжид и къуэ! Ильэс 80 ныбжьым уэзрыпсэам щхьэк1э сынохъуэхъу! Сэ гъащ1эм сыхуэзарэзщ1 уэ пхуэдэ ц1ыху Iущ, зэф1эк1ышхуэ зи1э унафэщ1, къэрал I уэху зэф1эзэныхьф, Хэкум хуэпэж сыхьэрыхуишам папщ1э. Уэ хэпл1эныгъэшхуэ хуэпщ1ащ Красноярск крайм, абы и къ1ал3щхьэм, Урысей псом я тхыдэм. Уэзышащ1э уи1эну, уи л3жьыгъэ-к1э уи1э- ехъулI эныгъэм хэбгъэхъуэ зэпыту упсэну, уи гупыIэтэ хуэныкъуэхэм зэрызащ1эбгъакъуэм гупсэхуг1э къыпхихьэу куэдрэ дунейм утетыну сынохъуэхъу!

ПИМАШКОВ Пётр,
Къэрал Думэм и депутат.

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**